

Mizajou Tèks Sou Zonaj Plas + Ri

Chanjman zonaj sa a ajoute de nouvo distri Plas + Ri nan ansanm opsyon pou zonaj Plas + Ri yo, epi li fè ti chanjman nan kat pami sis distri Plas + Ri ki deja egziste yo.

- Youn nan nouvo opsyon zonaj yo se distri Zòn Komèsyal Santral ak Acha (Shopping and Commercial, SC) a. Li pèmèt konstriksyon batiman kat etaj ki gen ladan lojman ak yon seri itilizasyon komèsyal. SC gen pou objektif prezève biznis ki deja egziste yo epi ankouraje itilizasyon komèsyal siplemantè, plis pase sa ki otorize nan opsyon distri Plas + Ri kat etaj ki deja egziste yo (yo rele yo S0 ak S1), tankou yon teyat oswa lòt espas amizman ki piti oswa mwayen.
- Dezyèm nouvo opsyon an se yon distri Ri Prensipal Aktif, sis etaj (S3-6). Distri sa a gen menm règ zonaj ak distri S3 ki egziste deja a eksepte pou wotè batiman an ki limite a sis etaj olye sèt.
- Chanjman an fasilite tou kreyasyon ak mentnans bank, santabri, gwo magazen ki vann an detay yo, ak itilizasyon komèsyal nan premyè etaj nan kèk nan distri Plas + Ri ki deja egziste yo.

Chanjman sa a baze sou kòmantè ak yon petisyon zonaj rezidan Hyde Park yo te soumèt pandan pwosesis planifikasyon Plas + Ri a pou Cleary Square. Chanjman an reponn ak demann rezidan yo pou plis opsyon zonaj pou ti zòn komèsyal yo.